



# WARTA GEREJA GKJ KLATEN

Jl. Kemangi 7 Tonggalan, Klaten 57412  
Telp (0372)323346 HP. 0817465146 / 085655866712

## INFO KEGIATAN :

### Kebaktian :

Minggu ke 1,2,3,5 : Bahasa Indonesia  
Minggu ke 4 : Bahasa Jawa  
Induk : 07.00 WIB  
Induk : 16.30 WIB  
Pepanthan Bareng : 07.00 WIB  
Pepanthan Tegalyoso : 07.00 WIB

### Doa Pagi :

Doa Pagi (Youtube)  
Sugeng Prasetya  
Selasa : 05.00 WIB Bahasa Jawa  
Sabtu : 05.00 WIB Bahasa Indonesia

Pdt. Sugeng Prasetya  
(0272) 323345 | HP. 0816616448

### Rekening persembahan :

0035-01-000892-53-3  
BRI atas nama GKJ Klaten

### Rekening Pembangunan :

0035-01-002190-56-3  
BRI atas nama Panitia  
Pembangunan GKJ Klaten

## KONSELING

### Jam layanan :

Jumat dan Rabu pukul 15.30-17.00 atau sesuai jadwal yang disepakati.

### Melayani konseling :

1. Pribadi, keluarga, kelompok
2. Gangguan psikologis, kecemasan, panik, depresidan lain- lain

## KONSELOR :

Pdt. Sugeng Prasetya, S.Pd, S.Th, M.Div

 [gkj.klaten@yahoo.com](mailto:gkj.klaten@yahoo.com)

 GKJ Klaten

 [gkj.klaten7@gmail.com](mailto:gkj.klaten7@gmail.com)

 [www.gkjklaten.org](http://www.gkjklaten.org)

# **PAWARTOS PASAMUWAN**

## **MINGGU, 27 Oktober 2024**

**Pradataning Pasamuwan GKJ Klaten ngaturaken wilujeng rawuh lan wilujeng ngabekti ing Pangibadah punika**

### **I. TUKAR PELAYANAN FIRMAN SE KLASIS KLATEN TENGAH**

Tukar Pelayanan Firman se Klasis Klaten Tengah badhe dipun adani mbenjing dinten Minggu, 10 November 2024 GKJ Klaten badhe nampi peladosanipun Pdt. Wiwik Wulandari, S.Si, MA saking GKJ Gumulan lan Pdt. Sugeng Prasetya badhe ngladosi ing GKJ Ketandan ing dinten Minggu, 3 November 2024.

### **II. PANGIBADAH PEMUDA & REMAJA**

Pangibadah Pemuda lan Remaja dipun adani saben dinten Setu tabuh 18.00 wib ing Aula Pengharapan, nyuwun karawuhanipun warga muda . Dhumateng Bapak/Ibu pasamuwan kasuwun ndorong putra – putri Remaja & Pemuda nipun ngrawuhi kegiatan kasebat.

### **III. PROGRAM KERJA TAHUN 2025 LAN PERSONALIA KOMISI PERIODE TAHUN 2025**

Ngaturi pirsu dhumateng sadaya Bidang lan Komisi supados enggal nyusun Rencana Program Kerja Tahun 2025 lan Susunan Personalia Komisi 2025 – 2026 , kasep – kasepipun Rencana Program Kerja Tahun 2025 lan Rencana Susunan Personalia Komisi tahun 2025 – 2026 dipun serahaken Majelis GKJ Klaten, Tanggal 4 November 2024 . Mugi ndadosna kawuningan .

### **IV. WARUNG GKJ KLATEN**

Warung GKJ Klaten sampun kawiwitan lan nyawisaken sadaya kabetahan pokok rumah tangga , dhumateng pasamuwan ingkang mbetahaken saged sesambetan kaliyan kordinator blok piyambak – piyambak , dene dana hasil saking Warung GKJ Klaten badhe dipun ginakaken nyengkuyung kegiatan – kegiatan utawi operasional Gereja lan dipun kelola dening Bendahara pradata GKJ Klaten . Mugi ndadosna kawuningan .

### **V. CUTI PENDETA**

Wiwit tanggal 3 – 14 November 2024 Pdt. Sugeng Prasetya , S.Pd, S.Th, M.Div mendhet masa cuti , kagem keperluan pastoral kasuwun sesambetan kaliyan Ketua Majelis Pnt. Sri Purwanti Juli S. Mugi ndadosna kawuningan

### **VI. PINDAH PASAMUWAN**

Pradata sampun ngintun serat pindah dhateng Gereja Katholik Maria Assumpta kagem sedherek Weny Agustin sewau warga blok II.



